



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN NAN 950 BROADWAY LA NAN LÈS BUFFALO

Pwojè a prezante 28 inite lojman nan pri abòdab ak pwogram edikasyon Head Start pou timoun nan

Youn nan 11 pwojè nan Pri Inisyativ revitalizasyon anba lavil 10 milyon dola nan Broadway-Fillmore, Buffalo a, gade rezilta yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon 950 Broadway LLC nan Lès Buffalo. Pwojè 13.5 milyon dola a ki fèt pa Cedarland Development LLC, ap renove epi konvèti yon imèb 50,000 pye kare ki vid epi ki pa itilize nan Lès Buffalo an yon devlopman plizyè itilizasyon, ki genyen 28 inite lojman nan pri abòdab, yon pwogram edikasyon Head Start pou timoun ak yon fèm entèn nan vil ke yo pwopoze. Bilding lan pa t itilize pandan 18 lane, ak kèk pòsyon bilding lan ki te vid pandan plizyè deseni anvan. Lè li fini, 950 Broadway ki renove a ap pote nouvo lavi nan ansyen bilding magazen detay ki transfòme an biwo a ki toupre youn nan entèseksyon ki pi vizib nan Lès Buffalo. Gouvènè Hochul [te anonse](#) anvan ke yo te chwazi 950 Broadway LLC ak 10 lòt pwojè transfòmasyon nan katye Broadway-Fillmore Buffalo nan kad Pri Inisyativ anba lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) 10 milyon dola a.

"Lansman 950 Broadway la jodi a se yon nouvo kòmansman pou estrikti remakab ki te vid depi lontan sa nan Lès Buffalo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bilding istorik la ki te yon win nan katye Broadway-Fillmore la, pral yon ank kominotè ak yon katalizè pou devlopman ekonomik kounye a. Ap gen kay k ap fèt la, epi nou pa ka tann pou akeyi nouvo katye nan kominote Buffalo a."

Ansyen magazen Eckhardt ak Kobacker ki sitiye nan ang Broadway ak Fillmore la, ap genyen 28 apatman nan pri abòdab ak yon pwogram edikasyon Head Start pou timoun ki dirije pa Community Action Organization. Yo te pwopoze yon fèm iben andedan pou sousòl imèb la. Apatman ki nan imèb la ap genyen dis apatman estidyo, 12 inite yon chanm ak sis inite de chanm a kouche.

Pwojè Broadway-Fillmore Buffalo a, se te yon [gayan nan Faz 5](#) DRI a. Katye Broadway-Fillmore a ki se pwen santral pou plan Buffalo a pou yon investisman nan anba lavil la, sitiye nan Lès Buffalo epi se youn nan katye ki pi ansyen vil la. Katye Broadway-

Fillmore a, ki gen yon pak ki relativman ranpli ak batiman komèsyal an majorite istorik, etabli yon vizyon pou kreye espas iben espesyal, espas kle pou pak, ri ki oryante pou komès an detay, koneksyon katye amelyore, koneksyon bisiklèt ak pyeton, amelyorasyon peyizaj ri yo ak amelyorasyon domèn piblik yo. Pou apiye dinamis sa, Buffalo vize ankouraje redevlopman estrikti ki vid yo, bay pi bon koneksyon ant ankraj ak enstalasyon atravè espas vèt yo, ogmante opòtinite lojman nan pri abòdab yo, epi amelyore peyizaj ri yo.

Pou ede Cedarland, Eta New York ap bay yon prè ki gen valè 900,000 dola ak yon sibvansyon ki valorize a 1.1 milyon dola ki soti nan Fon pou yon pi bon Buffalo (Better Buffalo Fund) ki soti nan Empire State Development pou sipòte renovasyon komèsyal ak estabilizasyon imèb yo. Anplis, yo te akòde pwojè a yon sibvansyon 427,150 dola pou konstriksyon etablisman gadri atravè Faz 5 Inisyativ revitalizasyon anba lavil Depatman Deta a (Department of State) pou katye Broadway Fillmore a. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap bay 2.1 milyon dola pou konstriksyon ak finansman pèmanan pou pòsyon lojman abòdab pwojè a atravè Pwogram Prè pou patisipasyon nan ti bilding lan (Small Building Participation Loan Program). Community Preservation Corporation (CPC) ap bay yon prè konstriksyon 7.8, ansanm ak yon prè pèmanan 3.2 milyon dola ke SONYMA asire atravè patenarya li ak Fon Retrèt Komen Eta New York la (New York State Common Retirement Fund). Anplis kontribisyon devlopè a, ki plis pase 2.9 milyon dola nan Kapital kredi enpo istorik ak lòt ensitasyon ki soti nan sous konpleman pwojè Rezo Nasyonal la. Fon Asirans Ajans Ipotèk Eta New York la ap bay asirans pou ipotèk pou finansman pèmanan CPC a.

Bilding Ar modèn lan — avèk fasad awondi an granit, tè kwit ak asye inoksidab li a — te fèt pa achitèk Bley ak Lyman epi te konstui an 1940 antanke yon magazen. Soti 1940 jiska 1957, te fonksyone antanke yon magazen. Pi ta, li te sèvi kòm espas biwo pou Depatman Travay (Department of Labor) Eta a.

Cedarland Development Group se yon kanpayi devlopman imobilye lokal ke Doktè Fadi Dagher ak pitit gason li Kevin Dagher te fonde. Lanmou Doktè Dagher pou kominote a te mennen li nan premye investisman imobilye yo, ki nan pa lontan te evolye an yon misyon pou enfluyans renesans ki ankou nan Buffalo a nan fason pozitif. Pandan tout pwojè sa, Cedarland Development santi li chans pou kolabore ak anpil patnè ki pataje vizyon li a. Finansman pwojè a te fèt pa Community Preservation Corporation epi se Konsiltan Konstriksyon Buffalo yo ki jere konstriksyon an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, “Reitilizasyon ki adapte yo t ap tann ak enpasyans pou 950 Broadway la ap pote devlopman ekonomik ak revitalizasyon katye nan yon ang enpòtan nan Lès Buffalo. Sa rann omaj ak angajman ak investisman depi lontan Gouvènè Hochul nan katye Broadway-Fillmore ki enkli pwogram Katye Komèsyèl Kot Lès la, Broadway Market, Central Terminal ak lòt pwojè.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York, te deklare, "Envestisman 13 milyon dola nan katye Broadway-Fillmore la fè pwomès nouvo lavi ak vitalite sou fòm 28 kay nan pri abòdab, divès opòtinite travay, ak gadri dekalite epi aksesib. HCR fyè pou fè patenarya nan efò sa epi li satisfè pou kontinye travay isit la nan Lès Buffalo pou revigore katye a epi remete imèb ki vizib anpil epi ki gen gwo achitekti sa anvi."

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwojè sa ap transfòme yon orè kominotè ki vid an yon byen kominotè dinamik, pou plizyè itilizasyon, k ap bay lojman nan pri abòdab ki tèlman nesèsè, gadri, epi abòde bezwen aksè nan manje ak ensekrite. Pwojè inovan sa se kòmansman enpak transfòmasyon Inisyativ revitalizasyon anba lavil la sèlman nan katye Broadway-Fillmore ek yon testaman eklatan de gran angajman Gouvènè Hochul pou revitalize epi redinamize Lès Buffalo."

Fondatè Cedarland Development Group, Doktè Fadi Dagher te deklare, "950 Broadway pa sèlman reprezante yon bilding men yon angajman pou revitalize kominote nou an. Nou devwe pou adrese bezwen kominote yo lè nou livre sèvis ki esansyèl pou katye yo ak pwojè lojman nan pri abòdab nan kolaborasyon ak patnè kominotè nou yo ak ofisyèl eli yo."

Senatè Eta a Tim Kennedy te deklare, "Sa se yon egzanp primòdyal de yon pwojè ki reutilize yon pati nan listwa vil nou an, epi lè li fè sa, li kreye opòtinite reyèl pou kwasans ekonomik epi ki baze nan kominote a. Doktè Fadi Dagher kontinye fè envestisman ki enpòtan, estratejik nan Lwès New York, epi Eta New York rete angaje pou sipòte pwojè ki byen panse ki kreye espas ki santralize, epi kolaborativ nan vil nou an."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Dènye fwa mwen sonje Bilding Eckhardt la te aktif, sa fè prèske de deseni de sa pandan moman li te Biwo Depatman Travay Eta New York la. Yon bilding pou itilizasyon pataje pou agrikilti entèn, nouvo inite rezidansyèl ak yon Sant gadri lajounen Head Start se yon egzanp espas "viv, travay, epi jwe" k ap ede amelyore dansite katye a epi ogmante aktivite. Mwen ann ekstaz pou wè ank kominotè sa reyaktive ankò, epi mwen ta renmen felisite Cedarland Development ak CAO nan WNY dèske yo konprann bezwen rezidan katye a epi dèske yo finalman sèvi pou amelyore kalite lavi yo."

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou devouman kontini li pou devlopman nan vil Buffalo. Mwen felisite Cedarland Development LLC pou travay di yo pou demare pwojè sa. An 2022, vil la te sekirize apeprè 10 milyon dola atravè yon pwosesis aplikasyon sou konpetisyon pou Inisyativ revitalizasyon anba lavil (DRI) eta a. Atravè finansman sekirize sa de eta a, nou te kapab ede nan kreyasyon pati nan gadri a nan pwojè 950 Broadway la. Mwen fyè de travay di ke Biwo Planifikasyon Estratejik nou an te fè pou konplete aplikasyon DRI a epi pou ede komite planifikasyon lokal la nan planifikasyon pwojè a. Anplis pwojè 950 Broadway la, vil la te sekirize finansman pou lòt pwojè nan zòn Broadway Fillmore la tankou revitalizasyon Pak Sears Paderewski, Lojman nan pri abòdab nan Playter Gardens nan mache a, ak amelyorasyon nan Matt Urban Center."

Manm Konsèy Distri Fillmore la, Mitch Nowakowski, te deklare, "Pwojè ki pote transfòmasyon sa, ki dirije pa Cedarland Development LLC, ap respire nouvo lavi nan yon imèb ki te vid depi lontan epi pote lojman nan pri abòdab, opòtinite edikatif, ak pèspektiv travay nan katye nou an. Se yon testaman de enpak pozitif nou ka reyalize atravè investisman estratejik, epi mwen pa ka tann pou wè devlopman sa fleri nan kè Lès Buffalo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)